CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #५१

२६।४।२०७७

Coronavirus CivActs Campaign (CCC) सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## लकडाउनके बाद भारी मात्रामे कर्मचारीके कटौती

### नेपाल राष्ट्र बैंकके सर्वेक्षण अनुसार औद्योगिक वर्गिकरणके आधारमे कामदार कटौतीके अवस्था

होटल तथा रेष्टुरेण्ट
४०.०८%

बिजली, ग्याँस तथा पाईन
३९.७१%

थोक तथा खुद्रा व्यापार
२४.८६%

निर्माण
२३.६७%

उत्पादनमुलक उद्योग
२३.४९%

कृषि, वन तथा मत्स्यपालन
२१.३५%

सञ्चार
२१.३१%

यातायात तथा भण्डारण
१८.७५%

रियल स्टेट, भाडा तथा व्यवसायिक कृयाकलापसभ
१८.७५%

खानी तथा उत्खनन्
१६.६७%

स्वास्थ्य तथा सामाजिक काजसभ
१५%

शिक्षा
५.६०%

अन्य क्षेत्रसभ
२४.९०%

राष्ट्रिय औषत २२.५०%

कटौती भेल मे सँ ७०.५९% अस्थायी तथा करारके कर्मचारी रहल अछि ।

स्रोत: https://www.nrb.org.np/contents/uploads/

## नेपाल अपडेट




कोरोना परीक्षणके लेल व्यास नगरपालिकाके कर्मचारीके स्वाब संकलन करैत स्वास्थ्यकर्मी ।

तस्बिर: राकेश प्रसाद चौधरी

**परिक्षण**


पिसिआर परिक्षण: ४,५२,२३६

पोजेटिभ: २३,३१०

उपचाररत: ६,७३८

मृत्यु : ७९






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



आब डिपार्टमेण्ट स्टोरमे सेहो संक्रमण देखागेलै कहादन । ओतके व्यवस्थापनके लापरवाही सँ स्थिती भयावह बनेतै कहि क आदमीसभ त्रसित अछि ।

डिपार्टमेण्ट स्टोर, बिक्रि केन्द्र तथा खुद्रा दोकानमे ग्राहकके भितर प्रवेश कर सँ पहिले अनिवार्य रुपमे मास्क प्रयोग कर लगाएब, तापक्रम नापब आ स्यानिटाईजर प्रयोग करके व्यवस्था कर कहल गेल छै । तहिना कलक, हरेक ग्राहकके सामान दलक पैसा बुझलाके बाद दोसर ग्राहकसंगे कारोवार कर सँ पहिले स्यानिटाईजर प्रयोग कर परत सेहो कहल गेल छै । यदि ऊ मापदण्डके पालना भेल नै भेटलापर कोई भी नजिकके प्रशासन या सम्बन्धित स्थानीय तहमे जानकारी करा सकैत छी ।


स्रोत: http://moics.gov.np/uploads/shares/criteria/



सरकार बृद्धबृद्धा तथा धियापुतासभ पाबैनतिहार नै मनाब पाओत कहिक नयाँ नियम अनलक कहादन ।

पाबैनतिहार मनाबैतकाल आईब पर सकवला कोभिड - १९ के जोखिमके मध्यनजर करैत, सरकार जोखिम समुहमे परवला आदमीसभके घरपरिवार बाहेकके आदमीसभ सहभागि होबवला जमघटसभमे सहभागि नै होब कहने छै । तहिना जोखिम समुहमे ६० वर्षसँ बेसी उमेरके आदमीसभ आ १२ वर्ष सँ निचाके धियापुता सेहो परैत अछि । तहिना कलक, बुखार, खोकी तथा श्वासप्रश्वासमे समस्या भेल आदमीसभ, गर्भवती तथा प्रसौतीभेल जनानीसभ, दिर्घरोग भेल आदमीसभ, अंग प्रत्यारोपण केने, शरिरमे मेडिकल उपकरण रखने, अहिबीचमे सर्जरी केने आदमीसभ सेहो जोखिम समुहमे परैत छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/17ali-HL_kiUEX0I4Q-MLJwgOhCEz77di/view



वैदेशिक रोजगारीके क्रममे मृत्यु भेल आ अंगभंग भेल आदमीके बेटाबेटीके सरकार छात्रवृति दलक पढाओत कहैत छै, लेकिन बैसँ त एक दू महिनाके फिस तिरैला सेहो नै पुगतै ? फेर क्याम्पस पढवला त नै पाओत ।

श्रम स्वीकृति ललक वैदेशिक रोजगारीमे जालक मृत्यु या अंगभंग या बिमारी भल वैदेशिक रोजगार बोर्डसँ शत प्रतिशत आर्थिक सहायता लेने कामदारके बेटाबेटीके मात्रे छात्रवृत्ति पाओत । अईके लेल सामुदायिक तथा संस्थागत विद्यालयमे अध्ययनरत १२ कक्षातक अध्ययनरत १८ वर्ष निचाके धियापुता होब परतै । एना मापदण्ड पुगलाहा मे सँ, वार्षिक आधारभुत तहके लेल रु. ८,००० आ माध्यामिक तहके लेल रु. १२,००० वैदेशिक रोजगार बोर्डसँ छात्रवृत्ति स्वरुप वार्षिक रुपमे एकमुष्ठ रकम पबै छै । अइ शैक्षिक सत्रके लेल सेहो वैदेशिक रोजगार छात्रवृत्तिके लेल निवेदन खुलल छै । विस्तृत जानकारीके लेल निचाके लिंक देखल जाऊ ।

स्रोत: https://www.facebook.com/photo/?fbid=368318290799018&set=a.111383046492545



कोभिड-१९ के बिमारीके अस्पतालमे राखैला नै मानै छै । घरेमे आईसोलेशनमे रहु से कहलागल छै । कि अस्पतालके क्षमता एतबि छै । आब संक्रमित होबवलासभ स्वास्थ्य सेवा नै पेतै ?

अस्पतालके बेडसभके गम्भिर प्रकृतिके लक्षण देखाएल कोभिड - १९ के बिमारीके लेल सुरक्षित कर लक्षण नै देखाएल आ ओ कोनो शारीरिक समस्या नै भेल ६० वर्ष निचाके संक्रमितके स्थानीय स्वास्थ्यकर्मीके निगरानीमे घरेमे आईसोलेशनमे रहसकके व्यवस्था सरकार केने छै । देशभै करिब २६०० आईसियु बेड, ९०० भेन्टिलेटर छै । औई मे सँ कोभिड - १९ के ईलाजके लेल २५० आईसियु बेड थपाएल छै त, आरो २४० आईसियु बेड थपके लेल प्रकृया आगु बडाओल गेल छै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/1419676331754798

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

**साउदी अरव**
३,३४,४५१ नेपाली
२,८८,६९० संक्रमित
१,७५० नेपाली संक्रमित
९ मृत्यु भएका नेपाली

**कुवेत**
७१,१९३ नेपाली
७१,७१३ संक्रमित
१५०० नेपाली संक्रमित
७ मृत्यु भएक नेपाली

**बहराईन**
२६,००० नेपाली
४४,०११ संक्रमित
४५१ नेपाली संक्रमित
३ मृत्यु भएका नेपाली

**कतार**
४,०६,९१७ नेपाली
१,१२,९४७ संक्रमित
२०,६०० नेपाली संक्रमित
१६ मृत्यु भएका नेपाली

**युएई**
२,२४,९०५ नेपाली
६२,५२५ संक्रमित
२००० नेपाली संक्रमित
३० मृत्यु भएका नेपाली

**ओमान**
१७,०५७ नेपाली
८१,७८७
४५ नेपाली संक्रमित
१ मृत्यु भएका नेपाली

**मलेसिया**
५,००,००० नेपाली
९,०९४
८१ नेपाली संक्रमित

**दक्षिण कोरिया**
३८,८६२ नेपाली
१४,६२६ संक्रमित



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली


स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## कतार फिर्ता जारहल छी ? ई बातसभ बुझैत रहु ।

कतार फिर्ता जायवलासभक लेल कतार सरकार नयाँ नियम बनेने छै । जै अनुसार किछ देशसभसँ कतार आबैतकाल PCR के रिपोर्ट नेगेटिभ भेनाई जरुरी छै । नेपाल सेहो अहि वर्ग भितर परलाके कारण, नेपालसँ कतार आबवला सब यात्रुसभके ७२ घण्टा भितर लेलगेल PCR नेगेटिभ रिपोर्ट चाहि से कतार एयरवेज कहने अछि ।

### निचा देलगेल जगहसँ लेलगेल PCR रिपोर्ट मात्रे मान्य हेतै:



१. स्टार हस्पिटल, सानेपा हाईट
२. केएमसी हस्पिटल, सिनामंगल
३. सूर्य हेल्थकेयर, लाजिम्पाट
४. ग्राण्डी अन्तराष्ट्रिय अस्पताल, टोखा
५. बिर अस्पताल, सुन्धारा
६. पाटन स्वास्थ्य बिज्ञान प्रतिष्ठान, पाटन
७. हयाम्स हस्पिटल, धुम्बाराहरी
८. सेन्ट्रल डायग्नोसिस ल्यावरोटरी, कमल पोखरी
९. शुक्रराज ट्रपिकल तथा सरुवारोग अस्पताल, टेकु

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँ UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) हमरासभके प्रत्यक्ष देख आ सुन सकब ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

जम्मा

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

खर्च

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्व १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार


| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## आ.व. २०७५/७६ मे प्रदेश नं. २ के बेरुजुके अवस्था

जम्मा लेखा परीक्षण भएको रकमको

**७.०९%**

बेरुजु खर्च
रु. १,८२,५३,९९,०००




जम्मा लेखा परीक्षण गरिएको रकम


**२५ अर्ब ७ करोड**

जम्मा लेखापरीक्षण गरिएका कार्यालय **१२६**

बेरुजु देखिएका कार्यालय **९५**

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## आर्थिक वर्ष २०७५/७६ मे प्रदेश नं. २ के खर्च बेरुजु देखलगेल मन्त्रालयके तुलनात्मक अध्ययन




प्रदेश नं. २ मे ओकर जम्मा लेखा परीक्षण भेल रकम मे सँ १ अर्ब ८० करोड खर्च (७.०९%) बेरुजु देखाईत छै । जे कि एकदम बहुते छै । आरो प्रदेशके तुलनामे प्रदेश नं. २ मे जम्मा लेखा परीक्षण कएलगेल रकम (२५ अर्ब ७० करोड) मे सँ बेरुजु देखाएल रकम बहुते छै । ७५% (१२६ मध्ये ९५) सँ बेसी कार्यालयसभमे खर्च बेरुजु भेल देखाईत अछि । प्रदेश नं. २ मे प्रमाण कागजात पेश नै भेल कारण देखाएल बेरुजु ३८.२८% आ पेश्की लेलाके कारण सँ देखाएल बेरुजु ३०.२८% छै । अई सँ प्रदेश नं. २ मे वितलाहा वर्ष खर्च व्यवस्थापनके पक्ष एकदमे कमजोर रहल देखाबैत छै ।

प्रदेशके प्राय: जेहन मन्त्रालय आ कार्यालयसभमे बेसी बेरुजु देखेनाई चिन्ताके विषय छै । भौतिक पूर्वाधार विकास मन्त्रालयमे देखाएल अप्रत्याशित बेसी बेरुजुसँ प्रत्यक्ष रुपमे ओई क्षेत्रके प्राथमिक क्षेत्रके विकासमे असर केने छै । बजेट घोषणा करैत काल कहलगेल सेवाग्राहीके सन्तुष्टी अवधारणा सर्वेक्षण, आपतकालिन कोषके स्थापना, युवा सरोकार कोष, विपद व्यवस्थापन, खाद्य सुरक्षा सम्बन्धी प्रदेश नीति, प्रदेशके गुरु योजना आ प्रदेश विश्वविद्यालय ईत्यादीके बेवास्ता केने देखाईत छै । तहिना कलक, मुख्यमन्त्री तथा मन्त्रिपरिषदके कार्यालयके जिम्मेवारी कहबै त आर्थिक अनुशासन कायम केनाई, आरो निकायके सेहो आर्थिक अनुशासन कायम कर प्रेरित केनाई छै । लेकिन, अपने कार्यालयमे बेसी बेरुजु देखेनाई बढिया बात नै छै । अई पर प्रदेश सरकारके समयमे ध्यान देबके चाहि ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस्



## रंगिला कुमारी जयसवाल

उप-प्रमुख, गरुडा नगरपालिका, रौतहट

"गरुडा नगरपालिका क्षेत्रमे सेहो कोरोना भाइरस देखापईरचुकल छै । अई सँ जनतामे किछ त्रास फैलल छै । तैके लेल अपनासभके जनताके बीचमे जाएक काज करपरलाके कारण सँ व्यवस्थापनमे चुनौती छै । कामके सिलसिलामे घरबाहर निकल परै छै । अई समयमे बाहर निकईलक काज केनाई जोखिम छै । लेकिन, हमसभ सम्भव भेलजते सावधानी अपनाक काज कएरहल छी ।"

## सन्तोष कुमार ठाकुर

संयोजक, गंगुली र सपही आइसोलेशन



"कोभिड - १९ के महामारी चलल समयमे धनुषा जिलाके गंगुली आ सपही आइसोलेशनके संयोजन करके जिम्मेवारी चुनौतीपूर्ण छलै आ अखनोतक छै । एकर क्षमता दू सय बेडके छै । मनमे डर होईतो आइसोलेशन व्यवस्थापनमे कोनो कसर बाँकी नै रखने छी । अस्पताल तथा आइसोलेशनमे काज कएला चिकित्सक एवं स्वास्थ्यकर्मीसँगे घरपट्टीसभके देखके नजरिया अलग छै । भाइरस लएक आयल अछि कि जेहन व्यवहार कर खोजैत छैथ । लेकिन, हम संयोजन केने आइसोलेशनसँ कोनो संक्रमितके मुद्दा शिकायत नै आएल छै । पाँच महिना सँ परिवारके समय देब नै पाएल पीडा सँ बेसी, दिनराईतके कोनो मतलब नै कएक संक्रमितके सेवामे खट् पेला सँ खुशी लागल अछि ।"




## अमित कापर

आइसोलेशन सहयोगी , कोभिड - १९ अस्पताल, जलेश्वर, महोत्तरी

"हमरासभके आइसोलेशनमे सहयोगीके रुपमे खटाओल गेल छै, तै सँ सबसँ बेसी सावधानी हमरासभके अपनाब परेत छै । शुरु शुरुमे आइसोलेशनमे आबवला संक्रमितसभ धारा खुला छोईर देनाई, गन्दा केनाई सब करैत छल । ओई सँ हमरासभके तनाब दैत छल आ सरसफाई कर्मचारी सेहो बहुते शिकायत करेत छल । लेकिन, अखन आबवला संक्रमितसभ अपने सरसफाईमे रहनाई पसन्द करैत छै । हमरासभके पहिले पहिले कोरोना भाइरस संक्रमितके खाना पुगाबैत काल ड लगैत छल, लेकिन सावधानी अपनाब लागलाके बाद कोरोना भाइरसके डर हरागेल छै । कोभिड - १९ अस्पतालके आइसोलेशनमे काज करैतकाल गर्व महसुस होईत अछि ।"

# कोभिड - १९ संगे पत्रकारिता क्षेत्रमे देखाएल संकट

कोरोनाभाईरसके विश्वव्यापी प्रकोपसंगे नेपालके सञ्चार माध्यमसभके आम नागरिकके सूचित करके सन्दर्भमे अपन व्यवसायिक दायित्वके पालना केने अछि । लेकिन, ई समय मे संचार गृहसभ दूटा बातमे चुकल अछि । पहिल, ऊसभके स्वास्थ्य सुरक्षाके मापदण्डके पालना केने नै अछि । दोसर, उच्च जोखिम मोईलक समाचार संकलन करवला सञ्चारकर्मीके नियमित पारिश्रमिक देने नै अछि । एना पारिश्रमिक बिने श्रमजिवी पत्रकारसभके काजमे खटाएल दुखद घटनासभ सतहमे आएल उदाहरणसभ बहुते देखल जासकैत छै । यद्यपी, सञ्चार क्षेत्र सेहो अई महामारीके असर सँ अछुता रह सकल नै छै । लेकिन, हुनकासभके सञ्चारकर्मीके तलब देबके पर्याप्त आम्दनी नै भेल कहिक कहितो, तेकरा सम्बन्धित सञ्चारकर्मीके विश्वास कलेबके अवस्था नै छै । किया कि, ऊ सञ्चारगृहके हिसावकिताव बुझाबपरवला सरकारी माध्यम सँ बाहेक कतौ भी आयव्यय सार्वजनिक नै करैत छै । अहु सँ सेहो सञ्चारगृह आ सञ्चारकर्मीके बीचके विश्वासके दुरी आरो चौडा बनेने छै ।






ई समयमे जे दोसरके दुख, पीडा आ अन्यायके खिस्सा लिखलक, उहेसभ अपने उपर भेल विभेदकारी व्यवहार विरुद्ध आवाज उठाब नै सकिरहल अछि । किछ पत्रकारसभ अपने कार्यरत सञ्चार गृह संकटके समयमे अमानविय निर्णय लेबके नै चाहि से तर्क सेहो रखलक । लेकिन तेकरो सेहो सुनुवाई भेल नै छै । नाम चलल सञ्चार गृहसभ अपन कर्मचारीके अनिवार्य विदामे जायला सेहो मजबुर बनौने अछि । तहिना कलक, कोरोना भाईरसके संक्रमण फैल गेलाके बादे देशभैरके करिब ८०० टा सञ्चार गृहसभ बन्द भेलै । अहु सँ सेहो पूर्णकालिन श्रमजीवी पत्रकारके बड्का प्रभाव परलै ।

नेपाल विज्ञापन संघक अनुसार, मास मिडिया आ साईनेज लगायत देशके कुल विज्ञापन बजार कहबै त करिब १२ अर्बके छै । महामारीके कारण एकर आधा हिस्सा गुमाचुकल अवस्था छै । अई चाईर महिनाके अवधीमे जम्मा विज्ञापन बजारके करिब ८० प्रतिशत बजार प्रभावित भचुकल छै । एना देखला सँ, ई महाम( ारीके समयमे सञ्चार माध्यमके भुमिका अहम छै, लेकिन श्रमजीवी पत्रकारके जीविकोपार्जनके विषय सेहो ओतबे महत्वपूर्ण छै ।





चेतना कुवँर
अधिस्टेण्ट रिसर्चर
सेन्टर फर मिडिया रिसर्च नेपाल

सही सूचना

# विदेशमे फसल श्रमिक: के फिर्ता आएल आ बाँकी रहल के उद्धार कर सरकारके कि कर परत ?

## कोरोना भाईरसके प्रकोप पश्चात नेपाल फिर्ता आएल वैदेशिक रोजगारीमे गेल आदमीके संख्या




उपरके ग्राफसँ कोरोना भाईरसके प्रकोप पश्चात मुख्य गन्तव्य राष्ट्रसँ नेपाल फिर्ता आएल वैदेशिक रोजगारीमे गेल आदमीके संख्याके देखाबैत अछि । सरकार चार्टर उडान मार्फत उद्धार करके निर्णयके बाद जुन महिनातक विभिन्न देशमे रोकाएल श्रमिक मे सँ जम्मा ४७,८३१ कोई वैदेशिक रोजगारीमे गेल नेपाली श्रमिकसभ स्वदेश फिर्ता भेल छै । लेकिन, जेकर हवाई जहाजके टिकट किन सकके क्षमता छै, ओकर मात्रे उद्धार भेल छै । जे टिकटके जुगाड कर नै सकल छै, ऊसभ अखना आब नै पाएल छै । सरकारके ओहन श्रमिकके उद्धार कर कार्ययोजना बनाक लागु केने छै । लेकिन, दैनिक उडानके संख्या सिमित भेला सँ समये मे उद्धार करपरवला आदमीसभके उद्धार होब सकल नै छै । अईके लेल सरकारके दैनिक उडान संख्या बढेनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि अगस्त महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दऽक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs